**КАБАРДИНО-БАЛКАРСКАЯ РЕСПУБЛИКА**
**ГОСУДАРСТВЕННОЕ БЮДЖЕТНОЕ ПРОФЕССИОНАЛЬНОЕ ОБРАЗОВАТЕЛЬНОЕ УЧРЕЖДЕНИЕ**
**«КАБАРДИНО-БАЛКАРСКИЙ АВТОМОБИЛЬНО-ДОРОЖНЫЙ КОЛЛЕДЖ»**
**(ГБПОУ «КБАДК»)**

Рассмотрено на заседании
ЦМК общеобразовательных дисциплин
Протокол № _____ от _____ 2025 г.
Председатель _____________
Э.Х.Сохрокова

«Утверждаю»
заместитель директора
по УМР ГБПОУ «КБАДК»
______________ С.Ю. Какулина

# Оценочные материалы

## по дисциплине

## ОДБ 03 « Родная литература (кабардинский)»

**для студентов специальностей и профессий:**

**23. 02 01 «Организация перевозок и управление движением на автотранспорте»**
**08.02.05 «Строительство и эксплуатация автомобильных дорог и аэродромов»**
**23.02.17«Техническое обслуживание и ремонт двигателей, систем и агрегатов автомобилей»**
**09.01.04. «Наладчик аппаратных и программных средств инфокоммуникационных систем».**
**23.01.17 «Мастер по ремонту и обслуживанию автомобилей»**
**15.01.05 «Сварщик (ручной и частично механизированной сварки (наплавки))»**
**25.02.08 « Эксплуатация беспилотных авиационных систем»**

**Автор: Тохтабиева Т.А.– преподаватель родной литературы ГБПОУ «КБАДК»**

**Нальчик, 2025 г.**

**Пояснительная записка**

Данные оценочные материалы представляют собой комплект заданий для диагностики уровня учебных достижений обучающихся по ОДБ 03 «Родная литература (кабардинский)» в форме тестирования для специальностей и профессий:

23. 02 01 «Организация перевозок и управление движением на автотранспорте»

08.02.05 «Строительство и эксплуатация автомобильных дорог и аэродромов»

23.02.17«Техническое обслуживание и ремонт двигателей, систем и агрегатов автомобилей»;

09.01.02. «Наладчик компьютерных сетей»

23.01.17 Мастер по ремонту и обслуживанию автомобилей

15.01.05 «Сварщик (ручной и частично механизированной сварки (наплавки).

25.02.08 «Эксплуатация беспилотных авиационных систем»

Комплект заданий соответствует рабочей программе дисциплины Родная литература (кабардинский) для указанных специальностей и профессии при реализации ФГОС среднего общего образования в пределах ППССЗ и ППКРС в ГБПОУ «КБАДК».

Оценка выставляется с учетом действующих норм оценки знаний умений и навыков учащихся по родной литературе (кабардинский). Время на проведение работы – два академических часа.

**Структура оценочных материалов**

Тестовые задания включает вопросы по основным разделам родной литературы (кабардинский) как:

Модуль 1. Традиции русской классики в творчестве писателей второй половины XX в**.**

Модуль 2. Литература о Великой Отечественной войне

Модуль 3. Содержание вариативных прикладных модулей (профессионально ориентированное)

Модуль 4. Литература эпохи оттепели

Модуль 5. Деревенская и городская проза в литературном процессе 1960–90-х гг.

Модуль 6. Постмодернизм в современной литературе

**Оценивание выполненной работы:** Максимальное количество баллов –30 б.

**Характеристика структуры и содержания оценочных материалов**

Задание 1 содержит 20 тестовых заданий. К каждому заданию приводится четыре варианта ответа, из которых верен только один.

Задание 2 требует дать краткий ответ.

Задание 3 на соотнесение литературоведческих терминов и их определений.

Задание 4 – краткий анализ стихотворения

Задание 5 на развитие речи. Эссе на тему: «Война в истории моей семьи»

**Критерии оценок работ учащихся:**

Распределение заданий работы по уровням сложности. В работе представлены задания различного уровня сложности: базового, повышенного. Распределение заданий по уровню сложности.

Всего заданий – 30, из них по типу заданий: с выбором ответа – 20; с кратким ответом – 3; на соотнесение литературоведческих терминов и их определений – 5; краткий анализ стихотворения – 1; на развитие речи – 1

**Система оценивания отдельных заданий и работы в целом**

Задание с выбором ответа считается выполненным, если выбранный номер ответа совпадает с верным ответом. Каждое из заданий оценивается 1 баллом. Задание с кратким ответом считается выполненным, если ответ совпадает с верным ответом. Каждое из заданий

оценивается 1 баллом, если верно указаны все элементы ответа. Максимальное количество баллов –30 баллов.

**Шкала перевода тестового балла в пятибалльную оценку**

| Общее кол-во баллов 30 | 27- 30 | 22-27 | 15-22 | Менее 17 |
|---|---|---|---|---|
| Оценка | «5» | «4» | «3» | «2» |

## ВАРИАНТ 1

**Задание №1** **Часть 1**

**1.**Сыешхак1уэ-ефак1уэкъым,
Сылэгъунак1уэ щауэкъым,
Нарт щауэгъу солъыхъуэ,
Ем срилъыхъуак1уэщ,
Ф1ым сри1эщак1уэщ – псалъэхэр зей нарт л1ыхъужьыр.
Ответ____________

**Задание № 2.**
**Албэч и адэм хьэлк1э ещхь къудейм къыщынэртэкъым, ат1э и теплъэк1э ещхь хъурт, къыдэк1уэтеихук1э. Абы набдзэ ф1ыц1э 1увышхуэ телът, зэхэк1эжыным нэсауэ, и нэбжьыцхэр къэщ1еижауэ к1ыхьт, зэры1ыгъ къамылыфэ лъагэт, и ныбжьым емылъытауэ. Пычыгъуэр зыщыщ тхыгъэр, зытхар.**
Ответ_______________

**Задание №3.**
**Бгырыс бгъэ лъэщыр мылъатэм, Дамэр къутащи ешэщ1, Усэр зыгъэ1ур мыпсалъэм, Нэпск1э гу1эгъуэр етхьэщ1. Усэ едзыгъуэр сыт хуэдэ тхыгъэм щыщ? Хэт ар зейр?**
Ответ____________

**Задание №4.**
**Къадэхуэр банкым хилъхьэурэ мелуаным нигъэсащ. Дэнэ ихьыну иджы абы апхуэдиз ахъшэр? Бын я1эххэкъым, т1уми я 1ыхьлы-лыджанэр къыздик1а щ1ыналъэм къэнащи, къащыгугъ щы1экъым. Сыт хуэдэ тхыгъэм щыщ мы пычыгъуэр? Хэт ар зи_1эдакъэщ1эк1ыр?**
Ответ__________

**Задание №5.**
**19-нэ л1эщ1ыгъуэм псэуа щ1эныгъэл1хэр.**
Ответ_________

**Задание №6. Фыкьеджэ,зэратха тропыр кьэф1уатэ.**
Кавказ къуршхэ!
Фэ фи теплъэр
Тет зымыщ1э мы дунейм?
Фи инагъым,
Фи дахагъым
Къы1уплъэну псори хуейщ.

Ауэ ящ1эркъым ц1ыху куэдым
Къызэрищыр фэ фи нэгу-
Мо фи куэщ1ым ису, хахуэу
Зэрыпсэур Адыгэ лъэпкъ.
Блэк1а гъэхэм а лъэпкъ дахэм
Бий шынагъуэу къытеуам
Лъапсэрыхэ ц1ыхухэр ищ1ри
Щ1ыр нэпс шыгъук1э ишыуат.
Абы щыгъуэ а ц1ыху хейхэм
Гузэвэгъуэу ятелъар
Хуэмышэчу и псэр гу1эу-
Щ1ыбгъэр къуршу къэбэгащ.
Мывэ хъуауэ яук1ам ягухэр
А бгъэ к1уэц1ым щызэтелъщ!
Къуршхэм уэру къежэх псыхэм
Ди лъэпкъ нэпси куэду хэлъщ.
Къуршхэм арщ щ1апэмылъэщыр
Дапщэ бийуэ къахуэк1уам,-
Адыгэлъ зыщ1эт пелуанхэу
Зэбгъурытщи зэгъэк1уау.
Ответ_________

**Задание №7.Къуажэхьым и жэуапыр.**
Къырым кърашу, гуп гъэгушы1э.
1.Мыщэ
2.Пшынэ
3.Уэрэджы1ак1уэ
Ответ_________

**Задание №8.Тхьэгъэзит 3 и сыт хуэдэусэ мы пычыгъуэркъызыхэхар?**
«Къыхеху бахъэр уэру щIым,
-ЗэхокI гъэрэ щIырэ.
УэскIэ къинэр
Хъуауэ щым
Магъыр, макъимыщIу.»
а) «Гъатхэ»
б) «ЩIырмэлажьэ»
в) «Адыгэпшынэ»

Ответ_________

**Задание №9.**

Л1ымрэ Жыгымрэ.

Зы л1ы гуэр и уэгушыжьит1ыр щ1ищ1эри мэз к1уат. Зы жыг дахэ гуэр къилъагъури бгъэдыхьащ.
- Мыр къэзгъэуэнщ, пхъэ гъэсын хъарзынэщ,- еуэну джыдэр щи1этым, Жыгыр къэпсалъэри жи1ащ:
-Пхъэ гъэсын сэ сыпхуэхъуфынущ, ауэ, маржэ хъужыхэн, укъызэмыуэу мы зэм сыкъэгъанэ, сыт ухуейми пхуэсщ1энщ.

Л1ым ищ1энур имыщ1эу, зыкъомрэ къэу1эбжьауэ щыта нэужь, гупсысэри жи1ащ:
-Укъэзгъауэрэ ди жьэгужьым упэрыбзахэмэ, ф1амыщ1 ухъунурэ уежьэжынущ. Апхуэдэу щыщытк1э, укъэзгъэуэнкъым. Сыт сыхуейми къысхуэпщ1эну щыжып1эк1э, вит1, жэмит1, зы алащэ си1ащэрэт, жызо1эри, къысхуэгъуэт.
-Ар 1уэху- т1э, бгъуэтынщ, уи пщ1ант1э дэту урихьэл1эжынщ абыхэм,- жэуап къитащ Жыгым.
Л1ыр я унэ нэсыжмэ, зыщ1элъэ1уауэ хъуар пщ1ант1эм дэту ирохьэл1эж. А 1эщ псори зэрилъагъуу, сызыщ1элъэ1уар мащ1э1уэщ, жи1эри Жыгым деж къигъэзэжащ. Еуэну зыщытришащ1эм, жыгыр аргуэру къопсалъэри же1э:
- Маржэ хъужыххэн, укъызэмыуэ, сыт ухуейми пхуэсщ1энщ.
-Мэлищэрэ шыбзищэрэ си1ащэрэт, жызо1э, абы къимыдэк1э къызыхуэтыншэу псэуалъи унэлъащ1и сыхуейщ,- жи1ащ Л1ым.
-Жыгыр къопсалъэри:
- Хъунщ, гъэзэж, мэлищэ, шыбзищэ уи1эу урихьэл1эжынщ, уи псэуалъэхэри унэлъащ1эри хьэзырщ.
Л1ыр къэк1уэжри зыщ1элъэ1уа псори и1эу кърихьэл1эжащ. Ауэрэ, зэман зыкъом дэк1ащ, л1ым и гум къихьащ: ц1ыхум сраунэфэщ1у щхьэ сымыпсэурэ, жи1эри.
И джыдэр къищтэщ, мэзым к1уэри Жыгыжьым зытришэщ1ащ «сыноуэ» жи1эри.
Аргуэру Жыгыр Л1ым къелъэ1уащ:
- Маржэ хъужыххэн, укъызэмыуэ, узыхуейр къызжеп1эмэ пхуэсщ1энщ.
-Сэ зыри сыхуэныкъуэкъым, ауэ пщы щхьэ сымыхъурэ, псоми щхьэщэ къысхуащ1у, къыск1элъажыхьу?
-К1уэж, ари пхуэзгъэзэщ1энщ, къыжри1ащ Жыгым.
Л1ыр я унэ к1уэжри, жи1эу хъуар ц1ыхухэм ягъэзащ1эу, щхьэщэ къыхуащ1у, пщыхэм къамыгъэпуду псэуащ т1эк1урэ.
Куэд дэмык1ыу аргуэру Л1ым и гум къихьащ, пащтыхь сыхъун хуейщ, жи1эри.
И джыдэр къищтэщ, мэзым к1уэри Жыгыжьым зытришэщ1ащ «сыноуэ» жи1эри.
-Укъызэмыуэу, узыхуейр къызже1э, - къэлъэ1уащ Жыгыр.
- Сызыхуейр пащтыхь сыхъуну аращ,- жи1ащ Л1ым.
Ит1анэ Жыгыр къэпсалъэри:
-Сызэрамыщ1и сыт щы1эж, сызыдэмы1эпыкъуаи къэнэжакъым, апхуэдэу щыщытк1э, уи пэр си лъэдийм къык1эрылъхьи пащтыхь ахъырзэман къыпхэк1ынщ.
Л1ы нэпсейм и пэр Жыгым к1эрилъхьащ, асыхьэтуи жыгыу1у хъуащ.

**Текстым къеджи упщ1эхэм жэуап ет.**

1.**Сыт л1ыр мэзым щ1эк1уар?**
а) зыплъыхьак1уэ;
б) дэ къищыпыну;
в) пхъэ къихьыну.
Ответ_________

**2. Сыт л1ым Жыгым къыжри1ар?**
а) укъызбгъэдэмыхьэу 1ук1;
б) сыт ухуейми пхуэсщ1энщ;
в) сибудмэ ущ1егъуэжынщ.
Ответ_________

3. **Л1ым сыт ищ1ар?**
а) Жыгыр ириудащ;

б) шынэри 1ук1ыжащ:
в) къыхуищ1эну зыхуейр жи1ащ.
Ответ:_________

4. **Жыгым сыт л1ым къритар?**
а) вит1, жэмит1, зы алащэ;
б) зыри къритакъым;
в) зыврэ зышрэ.
Ответ_________

5. **Л1ыр зыщ1элъэ1уар дауэ къыщыхъуа?**
а) куэду къыщыхъуащ;
б) мащ1эу къыщыхъуащ;
в) тэмэму къыщыхъуащ.
Ответ:__________

6. **Сыт л1ыр етуанэу Жыгым деж щ1эк1уар?**
а) пхъэ къишэну;
б) илъагъун щхьэк1э;
в) мэлищэрэ шыбзищэрэ хуейуэ.
Ответ_______

**7. Сыт л1ыр ещанэу щык1уам Жыгым зэрелъэ1уар?**
а) хьэжы ищ1ыну;
б) ц1ыхухэм ираунэфэщ1 ищ1ыну;
в) молэ ищ1ыну.
Ответ _________

8**. Сыт л1ыр епл1анэу жыгым деж лъэ1уак1уэ щ1эк1уар?**
а) пщы ищ1ын папщ1э;
б) псоми ф1ыуэ къалъэгъун папщ1э;
в) бзу ц1ык1у ищ1ын папщ1э.
Ответ ________

9. **Сыт хуэдэ урыс таурыхъым евгъэщхьрэ мы тхыгъэр?**
а) «Репка»;
б) «Сказка о рыбаке и рыбке»;
в) «Теремок».
Ответ ___________

10. **Л1ым къыщыщ1ар дауэ къыфщыхъуа?**
а) къилэжьауэ къыщыщ1ащ;
б) хуэмыфащэу къыщыщ1ащ;
в) псори 1ихыжамэ нэхъ пэжт.
Ответ _____

11.**А зэманыр гъэмахуэкути,**

**Мэзым щхъуант1эу зихуэпат,**
**Пшэхэр гупу бгым я щ1ыбк1э**
**Къыдэпщейхэу къыщ1адзат.**
**Зэман к1эщ1к1э а пшэ 1увхэр**
**Уафэ джабэм щызэхуос,**
**Бгыжьхэм я щхьэм лъэ1эсыпэу**
**Нэхъри лъахъшэу къот1ысэх.**

Сыт хуэдэ тхыгъэм ущрихьэл1а дунейм и теплъэр, щытык1эр къэзгъэлъагъуэ пычыгъуэм? Хэт апхуэдэ къэгъэлъэгъуэк1эр зи 1эдакъэщ1эк1ыр?

А. «Гугъэм и лъэрыгъ», Балъкъэр Фоусэт.
Б. «Мадинэ», Щоджэнц1ык1у Алий.
В. «Къамботрэ Лацэрэ», Щоджэнц1ык1у Алий.
Ответ:_______

**12**. **Зыхуэгьак1уэн тхыгьэр зыземрэ и 1эдакьэщ1эк1мрэ.**

| | |
|---|---|
| 1.Щоджэнц1ык1у А. | А. «Гум псори кьонэ» |
| 2.Шэджыхьэщ1э Хь. | Б. «Софят и гьатхэ» |
| 3.Нало А. | В. «Нэхущ шу» |

Ответ________

## ВАРИАНТ 2

**Задание №1**

1. "**Псалъэ зэхэлъхьэн" (хьэрфхэр зэблэгъэувык1ауэ псалъэ зэхэлъхьэн)):**
Ащэгу,тлъых, эджуд,аэщм,эщым, дзэыгъу, ылэгъ, хуэма.тсэм, жбаэ
Ответ:____________

**Задание №2**

**Нэвгъэсыж**.

1. Мылажьэ.....
2. Уи япэ мывэ хъурей бгъажэмэ....
3. Бжьэ зыдэсым….
4. Бзурэ пэт……
5. Вы зимыIэм…..
6. Гур щыкъутэм....
7. Гъэм и зы махуэм ....
8. Гъэмахуэм къыумылэжьа…

Ответ:____________

**Задание №3**

**Текстым къеджи лэжьыгъэ 2-14 –хэр гъэзащIэ.**

1) Зауэм зэрыщIидзэрэ ди къуажэм нэгъуэщI фэ къытеуащ. (2) Ар щымщ, и уэрамхэр цIыхуншэщ. (3) Бгыпэм тет къуажэ клубым, япэм хуэдэу, пщыхьэщхьэкIэ пшынауэ макъ, Iэгуауэ макъ къыщыIужыркъым. 4) ПщэдджыжькIэ лэжьакIуэ кIуэуэ урохьэлIэ нысащIэхэм, сабий жэпхъахэм. (5) ЛIыжь-фызыжьхэри Iуэхуншэу щыскъым. (6) ЦIыкIуи ини нэхъ зэпIэзэрыт, нэхъ зэщIэкъуа хъуахэщ. (7) Абыхэм я псалъэр мащIэщ,

щыпсалъэкIи гукъыдэжыншэхэщ. (8) Зауэр Iэ щIыIэкIэ къуажэм къызэрыхэIэбар уолъагъу. (9) Зауэм къыщыщIидза япэ махуэхэм къуажэдэсхэр бжьэ къэпщIам хуэдэу зэрызехьащ, уеблэмэ абыхэм я пкъым нэхъ жаныгъэ зыгуэрым къыхилъхьауэ къыпфIэщIырт. (10) Ауэ зэман шынагъуэм и махуэ фIыцIэхэр нэхъ гъунэгъуу гурыму къэкIуэтэху, абы къихь лъапсэрыхым егупсысу цIыхухэм щIадзэ, абыкIэ зэгурыIуам хуэдэу, пщыхьэщхьэхэм деж ахэр къуажэ советыр зыщIэс унэм и пщIантIэм щызэхуосхэр. (11) Фронтым къикIыу къакIуэ письмохэм ярыт хъыбархэмкIэ зохъуажэхэр. (12) МазитI зэхуакум дзэм хэтыну зи ныбжь ириубыдэр жылэм дашащ. (13) Иджы колхоз лэжьыгъэр фIы хъунуми Iей хъунуми зи пщэ дэхуэр цIыхубзхэрщ, лIыжь-фызыжьхэрщ, сабий жэпхъахэрщ. (14) Зи лъэ вакъэ изылъхьэр, яхузэфIэкI ящIэу, къуажэм щекIуэкI лэжьыгъэм хэтхэщ. (15) Мобы фыкIуэн хуейщ, мор влэжьын хуейщ жаIэу, япэм хуэдэу, хъыбар кърагъэщIэным зыри ежьэркъым, псори нэхущым бригадэ пщIантIэхэм щызэхуос, кърaтыну IэнатIэхэм пэплъэхэу. (16) Зауэр екIуэкI пэтми, сэ сыщеджа къуажэ еджапIэр пщэдджыжьыкIуэрэ шэджэгъуакIуэрэ щыIэу мэлажьэ, пэжщ, егъэджакIуэ куэдхэр фронтым кIуащ, абы къыхэкIыуи, епщIанэ классхэм хэс еджакIуэ нэхъыжьхэр къыхашауэ пэщIэдзэ классхэм хэс сабийхэр ирырагъэгъаджэ. (17) Сыт пщIэн атIэ, «вы зимыIэм шкIэ щIещIэ» жыхуаIэращ. (18) Сэри епщIанэ классым сыкъыхашри а сызэреджэм хуэдэурэ етIуанэ классыр езгъэджэну си пщэ къыдалъхьащ. (19) Ди еджапIэм и директор дзэм яшам и пIэкIэ унафэщIу ягъэува, сэ урысыбзэмкIэ сезыгъэджа цIыхубзышхуэ Марие Алексеевнэм среджэри къызжеIэ: «КIуэ иджы, зэгъащIэ иджы тыншрэ гугъурэ егъэджакIуэм и IэщIагъэр». (20) Зы пщыхьэщхьэ гуэрым еджапIэм сыкъикIыжауэ унэм сыкъыщрихьэлIэжащ повесткэ си цIэкIэ къахьауэ. (21) Повесткэм итт пщэдджыжьым сыхьэтийм деж гъуэмылэ, щыгъын хуабэ, крушкIэ, лошкIэ, шынакъ, бел сIыгъыу ди етIуанэ бригадэм секIуэлIэн хуейуэ. (23) - Сыт мыгъуэу пIэрэ белкIэ уэ щIалэ цIынэм уагъэщIэнур, - жиIэурэ си анэм гъуэмылэ, щыгъын къыздэсщтэнухэр игъэхьэзыру щIедзэ. (24) _ СщIэркъым, нанэ, - жызоIэ ар згъэудэIуу. (26) Жэщыку нэсыху си анэм и псалъэмакъыр увыIакъым, Iэджэми я щхьэфэ иIэбащ, и Iуэху хэлъми хэмылъми къимыгъанэу.

**1.Лэжьыгъэхэу 2-14-хэм я жэуапхэр къэгъэлъэгъуапхъэщ бжыгъэкIэ, псалъэкIэ, псалъэ зэпхакIэ.**

Сыт епщIанэ классым хэс еджакIуэхэм егъэджакIуэ къалэныр ягъэзэщIэн хуейуэ я пщэм къыщIыдалъхьар?

1. Къуажэм егъэджакIуэ зэрахуримыкъум къыхэкIкIэ.
2. ЕгъэджакIуэхэр псори щIытI ящIынум лэжьакIуэ кIуахэт.
3. ЕгъэджакIуэ куэд зауэм яшати, езыгъэджэн яхурикъужыртэкъым.

НэгъуэщI щIыпIэ къикIа егъэджакIуэхэр къыздикIа школхэм кIуэжахэт

Ответ ______________

**2. 16-19-нэ псалъэухахэм къыщыгъуэт псалъэжь зыхэт псалъэухар**

Ответ _________

**3.3 псальэухам зытепсэльыхь щ1ып1эр**

Ответ ________

**Задание №4**

**Псалъэ гуры1уэгъуейхэм елэжьын:**

**1.Къыр таж** –

**2.Акъужь** –

**3.Гуэн** –

**4.Епэр** –

Ответ______

**Задание №5**

**8.** Напэ хужьу щылъщ а хьэдэр,

Нурыр къыщхьэщех,

Ц1ыхуу щы1эм . . .

Л1ым и хьэдэр дах.

**Усэ едзыгъуэм къыхуэт псалъэр хэгъэувэж. Сыт хуэдэ тхыгъэ ар зыщыщыр? Хэт зи 1эдэкьэщ1эк1ыр?**

1. Ягъэлъап1эу, «Ц1ыху напэ», Нало Заур.
2. Яф1эдахэу, «Ц1ыху напэ», Щоджэнц1ык1у А.
3. Ягъэщ1агъуэу, «Кълу закъуэ», Нало З.

Ответ _____________

**Задание №6 «Дахэнагъуэ» пьесэм лъабжьэ хуэхъуар.**

Ответ________

**Задание №7.Дахэнагъуэ и лъыхъуэным тек1уэдар**

Ответ___________

**Задание №8 Хэт къэк1уэну псалъэхэр зейр:**

Сэ си хабзэщ хамэ щ1ып1э Къик1а ц1ыхухэм пэуэр естуэ, Къытеувэ уи дэнагъэм, Гъащ1эр лъап1эщ, къауэ, къауэ!

Ответ__________

**Задание №9 1эщ1эхуу икъута тепщэчыр сытым и щыхьэту игъэуврэ Кэзибан? Сыт хуэдэ тхыгъэм ущрихьэл1а а ц1ыхубзым?**

А. Джэримэс зэрыщымы1эжым.

Б. Джэримэс къару ф1ыц1эхэр зэрыхигъэщ1ам.

В. Дахэнагъуэ Джэримэс къызэрытек1уам.

Ответ_________

**Задание №10.Хъыджэбз дахэт, зэк1ужт, нэмысыф1эт, псэр к1эрыпщ1эрт, гъащ1э к1эщ1т.**
**Сыт хуэдэ литературнэ л1ыхъужьым хуэк1уэрэ мы псалъэхэр?**

А. Мадинэ Б. Марзидан
В. Сэтэней

Ответ _________

**Задание №11.Нало Ахьмэдхъан къигъэщ1а литературнэ л1ыхъужьхэр**.
А. Залымджэрий.
Б. Къаирбэч.
В. Цару.
Ответ ___________
**Задание №12. Ц1ыхухэр а л1ым еплъамэ, гугъэ ящ1 хъуат ар дэгуи бзагуи хъупэну. Жыглыцым зэщ1ищта мывэжь кхъахэу ф1эк1а зэрыпщ1эн щы1эжтэкъым иджы а л1ыр. И нэк1ур зэлъат, и пащ1э-жьак1эр хэтхъук1ат, жэп теха щ1ык1эу. Хэт мы псалъэхэм ягъэбелджылы литературнэ л1ыхъужьыр? Сыт хуэдэ тхыгъэм фыщрихьэл1а абы? Тхыгъэр зи 1эдакъэщ1эк1ыр хэт?**
А. Уэсмэн, «Щынэ хужь», Хьэхъупащ1 А.
Б. Аслъэн, «Аслъэн», Теунэ Хь.
В. Хьэжпагуэ, «Софят и гъатхэ», Щоджэнц1ык1у 1.
Ответ_________

**Задание №13 Щхьэлыкъуэ къуажэ къыщалъхуа адыгэ усак1уэ, тхак1уэ щэджащэр.**
А. Щомахуэ А.
Б. К1ыщокъуэ А.
В. Щоджэнц1ык1у 1.
Ответ __________

**Задание №14.1элъэщ1 плъыжьым и гъущ1ышыр, Сыту хуабжьу зэщ1эплъа, Зэман к1эщ1к1э нэм къиплъыхьыр Сыту щ1эхыу игъэза.**
**Усэ едзыгъуэр зи 1эдакъэщ1эк1ыр хэт?**
Ответ ___________

**1.Усэм зэреджэр сыт?**
Ответ __________

**Задание №15.**
Нэгумэ Шорэ и лэжьыгъэхэр (“Филологические труды”) печатым хуигъэхьэзырри томитI хъууэ Налшык къыщыдигъэк1ащ:
1.А.М. Шегрен
2. Г.Ф. Турчанинов
3.П.К. Услар
4. А.Н. Генко
Ответ________

**Задание №16.**

**Адыгэ 1уры1уатэм нэхъ щ1ып1эшхуэ щызыубыдыр.**

А. Псысэхэм. Б. Таурыхъхэм. В. Хъыбарыжьхэм. Г. Нарт эпосым. Д. Къуажэхьхэм. Е. Псынщ1эрыпсалъэхэм.

Ответ________

## ВАРИАНТ 3

1.**«Софят и гъатхэ» тхыгъэм темэ нэхъыщхьэ хуэхъуар.**

А. Хэку зауэшхуэм.
Б. Хэку зауэшхуэм и пэк1э щы1а псэук1эм.
В. Хэку зауэшхуэм и ужьк1э щы1а псэук1эм.
Ответ _________

2. Нартан къуажэ къыщалъхуа адыгэ усак1уэ ц1эры1уэр.
А. К1уащ Б.
Б. Тхьэгъэзит З.
В. Пащ1э Б.
Ответ _________

**3. Щоджэнц1ык1у 1. и повестхэр.**

А. «Къущхьэдэс бзылъхугъэ».
Б. «Уи ц1эр ф1эсщынщ».
В. «Бзылъхугъэ шу щэху».
Ответ __________

**4. Насыпым и символу Акъсырэ З. къигъэщ1а образыр.**

А. Адииху
*Б. Дахэнагъуэ*
В. Кэзибан
Ответ __________

**5. Хъыджэбз ц1ык1ур губзыгъэ дыдэу, гурыхуэу къыщ1ок1, сыт къыжра1эми, занщ1эу къипхъуатэрт. Нэ ильагъу 1эм ещ1э жыхуа1эр абы и деж щынэрылъагъу дыдэт. Хъыджэбз ц1ык1уми и унэ хъуат егъэджак1уэм и унэр. Абы тхылъу щ1элъу хъуам щыгъуазэт ар.**

Хэт мы псалъэхэм ягъэбелджылы литературнэ л1ыхъужьыр? Сыт хуэдэ тхыгъэм фыщрихьэл1а абы? Тхыгъэр зи 1эдакъэщ1эк1ыр хэт?
А. Мэрям, «Эмирым папщ1э сэшхуэ», К1ыщокъуэ А.
Б. Залихъэ, «Мазит1к1э къуажэм», К1ашэ А.
В. 1эсият, «1эсият и мывэ», Уэхъутэ А.

Ответ _________

**1.Къуажэм къик1ыж автобусыр къалэ вокзалым щытехьэжам, пшапэр зэхэуэпатэкъым, ауэ бжьыхьэ пшагъуэ 1ув къытрихуати, жэщ хъуа ф1эк1 пщ1эртэкъым. Лъэбакъуэ зыбгъупщ1к1э къыпхуэц1ыхунутэкъым хьэ щытрэ кхъуэ щытрэ. Псори, т1эк1у дыдэ жыжьэу узы1уплъэхэр, бжьыгъэ тец1элэжам хуэдэу, пшагъуэ псыф 1увым хэтк1ухьыжырт.**
Сыт хуэдэ тхыгъэм ущрихьэл1а дунейм и теплъэр, щытык1эр къэзгъэлъагъуэ пычыгъуэм?

Ответ____________

**2.Хэт апхуэдэ къэгъэлъэгъуэк1эр зи 1эдакъэщ1эк1ыр?**
Ответ_______

3. **А зэманыр гъэмахуэкути,**
**Мэзым щхъуант1эу зихуэпат,**
**Пшэхэр гупу бгым я щ1ыбк1э**
**Къыдэпщейхэу къыщ1адзат.**
**Зэман к1эщ1к1э а пшэ 1увхэр**
**Уафэ джабэм щызэхуос,**
**Бгыжьхэм я щхьэм лъэ1эсыпэу**
**Нэхъри лъахъшэу къот1ысэх.**
Сыт хуэдэ тхыгъэм ущрихьэл1а дунейм и теплъэр, щытык1эр къэзгъэлъагъуэ пычыгъуэм?
Ответ_______________

**4. Хэт апхуэдэ къэгъэлъэгъуэк1эр зи 1эдакъэщ1эк1ыр?**

Ответ__________

**5.Къэк1уэну географическэ ф1эщыгъэц1эхэр уи нэ1уасэ? Сыт хуэдэ тхыгъэм ущрихьэл1а абыхэм? А тхыгъэр зи 1эдакъэщ1эк1ыр хэт?**

**Китай, Япон, Квантунь, Мукден.**

А. «Нэхущ шу», Нало Ахьмэдхъан.
Б. «Бзылъхугъэ шу щэху», Хьэкъун Исуф.
В. «Эмирым и сэшхуэ», К1ыщокъуэ Алим.
Ответ_____________

**6.Псалъэжьыр нэвгъэсыж. «Мывэ сынырмэк1уэдыж, мык1уэдыжыр ...»**
Ответ___________

**7. «Къамботрэ Лацэрэ» тхыгъэм къыхэщыж Тембот, илъ ищЬжу, иук1ащ**
Ответ __________

**8.Хыр си шакъальэу,**
**Кьалэм хуэфащэ си1атэм,**
**Ди Тек1уэныгъэм и усэр,**
**ДъщэпскЪ уафэм истхэнт - мы усэр итхащ**
а) К1уащ Бет1ал
б) Мыкъуэжь Анатолэ

(в) К1ыщокъуэ Алим
г) Тхьэгъэзит Зубер.
Ответ _________

**9. К1ыщокъуэ Алим къыщалъхуа гъэр:**
1. 1854гъ;
2. 1914гъ;
3. 1958гъ.
Ответ _________

**10. К1ыщокъуэ Алим къыщалъхуа къуажэр:**
1. Бахъсэн
2. Щхьэлыкъуэ
3.Нартан
Ответ_________

**11. К1ыщокъуэ Алим итхакъым:**
1. «Хъуэпсэгъуэнур»
2. «Эмирым и сэшхуэ»
3. «Бгырысхэр»
Ответ__________

**12. УэхъутэАбдулыхь и тхыгъэщ:**
1. «Асят и мывэ»
2. «Мазэныкъуэ щхъуант1э»
3. «Нэху»
Ответ ________

**13. Шортэн Аскэрбий къыщалъхуащ:**
1. Аргудан
2. Щхьэлыкъуэ
3. Кущмэзыкъуей
4. Лэскэн Ет1уанэ
Ответ _______

**14. ТеунэХьэчимкъыщалъхуагъэр:**
1. 1912
2. 1924
3. 1933
Ответ_________

**15. ТеунэХьэчим и тхыгъэщ:**
1. «Аслъэн»
2. «Нал къута»
3. «Софят и гъатхэ»
Ответ_________

**16. Щоджэнц1ык1у 1. и повестхэр:**
1. «Софят и гъатхэ»
2. «Уи ц1эр ф1эсщынщ».
3. «Бзылъхугъэ шу щэху».
Ответ ________

**17.** УсакIуэм и лирическэ лIыхъужьыр зыхэпсэухь зэманым ерыщу добагъуэ. Лирическэ лIыхъужьыр зыщIэхъуэпс, зэщIэзыIыгъэ гупсысэхэр – сэбэпынагъ зыпылъ Iуэху илэжьу, гъащIэм зэхъуэкIыныгъэфI ириту, псэукIэр иригъэфIакIуэу псэуныр «СыкIуэнт нэхъ псынщIэу» усэм къызэрыщыгъэлъэгъуар.

**1. «СыкIуэнт нэхъ псынщIэу»** усэр зэпкърыхын,сыт зытеухуар
Ответ _________
2.**Псалъэ гуры1уэгъуейхэм елэжьын:**
**муращэ** –
Овет__________
**махуэл щыхуэмей** –
3.Ответ___________

3.«**Насып»** усэм и лирическэ лIыхъужьым къилъыхъуэ дэрэжэгъуэр гъэбелджылын.
Псалъэ гурыIуэгъуейхэм елэжьын:
**лIэщIыгъуэ** –
**щхьэхьу** -
Ответ_______

## ОТВЕТЫ   К ВАРИАНТУ 1

| | |
|---|---|
| **1** | Бэдынокьуэ |
| **2** | «Фи пщэджыжь ф1ыуэ» Хьэхъупащ1э Х. |
| **3** | «Усэ къарук1э бийр бгъэсу», К1ыщокъуэ Алим |
| **4** | «Мэжджыт», К1ыщокъуэ Алим. |
| **5** | Нэгумэ Шорэ |
| **6** | метафора |
| **7** | пшынэ |
| **8** | В |
| **9** | В |
| **1** | Б |
| **2** | В |
| **3** | А |
| **4** | Б |
| **5** | В |

| | |
|---|---|
| **6** | Б |
| **7** | А |
| **8** | Б |
| **9** | А |
| **10** | В |
| **11** | Б |
| **12** | 1-Б<br>2-А<br>3-В |

**ОТВЕТЫ К ВАРИАНТУ 2**

| **1** | |
|---|---|
| **1** | 1Гуащэ<br>2.Тхылъ<br>3.Джэду<br>4.Мащэ<br>5.Мыщэ<br>6.Дзыгъуэ<br>7.Лыгъэ<br>8.Махуэ<br>9.Мастэ<br>10.Бажэ |
| **2** | 1.(ягъашхэркъым)<br>2.(ухуозэж)<br>3.( фо дещIэ)<br>4.( абгъуэ ещI)<br>5.( шкIэ щIещIэ.<br>6. ( щащIыж)<br>7. (щIымахуэм уегъашхэ)<br>8.(щIымахуэм бгъуэтыжыркъым) |

| | |
|---|---|
| | |
| **3(1)** | 3 |
| **(2)** | 17 |
| **(3)** | Къуажэ клуб |
| | |
| **4** | 1.мывэ блын быдэ лъагэ<br>2. жьы щ1ы1эты1э<br>3. гъавэр щызэрахьэ хъумап1э<br>4. удз гъэгъа, мэ гуак1уэ къыпихыу (фиалка) |
| **5(1)** | 1 |
| **(2)** | Яф1эдахэу |
| **6** | 1уэры1уатэ |
| **7** | Псэлъыхъущ |
| **8** | Дахэнагъуэ |
| **9** | А |
| **10** | А |
| **11** | А,Б |
| **12** | А |
| **13** | Б |
| **14** | Щоджэнц1ык1у А |
| **15** | «Лина тракторискэщ» |
| **16** | 2 |
| **17** | Г |

## ОТВЕТЫ К ВАРИАНТУ 3

| **Часть 1** | |
|---|---|
| **1** | В |
| **2** | В |
| **3** | Б |
| **4** | Б |
| **5** | А |
| **Часть 2** | |
| **1** | «Адэ щ1эин мыльку хъурэ» |
| **2** | К1эрэф М |
| **3** | **Кьэмботрэ Лацэрэ** |
| **4** | **Щоджэнц1ык1у Алий** |
| **5** | **А** |
| **6** | **Уэрэд** |
| **7** | **Асльэныкьуэ** |
| **8** | **В** |
| **9** | **2** |

| | |
|---|---|
| **10** | **2** |
| **11** | **3** |
| **12** | **1** |
| **13** | **1** |
| **14** | **1** |
| **15** | **1** |
| **16** | **1** |
| 17 | **1.сэлэтхэм**<br>2**.**мурад,гухэлъ, хъуэпсапIэ<br>3.пщIэншэу, лейуэ кIуа махуэ<br>**2.**илъэсищэм къиубыд зэман<br>3.пIэщIэгъуэкIэ, зэрылъэкIкIэ, псынщIэ дыдэу. |